

KONFERANS PARAN 2019

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la “Dwa Paran ak Defans pou Pitit ki se Elèv k ap Aprann angle kòm nouvo Lang”



Dwa Paran:

Pou Defann dwa pitit yo k ap aprann angle pou yo ka reyisi nan etid yo

Presenters: Nicole B. Rosefort ak Myriam Augustin

Espesyalis nan Resous

New York University

Tuesday, October 22, 2019

NYU Steinhardt
Steinhardt School of Culture, Education, and Human Development
The Metropolitan Center for Research on Equity and the Transformation of Schools
New York State Language Regional Bilingual Education Resource Network

Tel. (212) 992-6730

Email: nyslanguagerbern@gmail.com

KOUMAN POU NOU DEFANN DWA PITIT NOU K AP APRANN ANGLE OSWA KI PALE PLIZYÈ LANG AJANND

- Inisyativ Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la (NYSED) pou Elèv k ap Aprann Angle (ELLs)
- Chanjman nan Pati 154 Règleman Komisè a/Lwa Pou Tout Elèv Reyisi (ESSA)
- Deklarasyon Dwa Paran nan Eta Nouyòk
- Kòman pou nou Kontwole Sèvis pitit nou ap resevwa
- Kouman pou nou ede pitit nou reyisi nan etid yo:
 - Patisipasyon Paran yo
 - Liy Dirèk ak Sit wèb pou Paran Elèv k ap Aprann Angle nan Eta Nouyòk
 - Jwenn sipò / Resous

INISYATIV POU ELÈV K AP APRANN ANGLE DEPATMAN EDIKASYON ETA NOUYÒK AK BIWO EDIKASYON BILENG AK LANG AN JENERAL (NYSED OBE-WL)

- Chanjman nan Pati 154 Règleman Komisè a
- Plan Siksè (Blueprint) pou Elèv k ap Aprann Angle
- Deklarasyon Dwa Paran nan Eta Nouyòk
- Liy Dirèk ak Sit Wèb pou Paran Elèv k ap Aprann Angle nan Eta Nouyòk
- Diplòm ak So Konpetans Bileng (Seal of Biliteracy)

CHANJMAN NAN PATI 154 RÈGLEMAN KOMISÈ A

Pati 154 nan Règleman Komisè a etabli kondisyon legal pou edikasyon Elèv k ap Aprann Lang Angle (ELLS) nan eta Nouyòk.

Règleman sa a kontwole sèvis Elèv k ap Aprann Angle yo dwe resewa e distri eskolè ak lekòl yo dwe swiv. Le 15 Septanm 2014, Konsèy Administrasyon Depatman Edikasyon nan Eta Nouyòk amande Pati 154 Règleman Komisè a.

DOMÈN NAN PATI 154 RÈGLEMAN KOMISÈ A

- Idantifye Elèv k ap Aprann Angle
- Mete Paran okouran, ba yo enfòmasyon
- Kenbe dosye
- Mete Elèv k ap Aprann Angle nan pwogram
- Kondisyon pwogram yo
- Kisa pwogram yo ofri?
- Ki klas yo ka met ansanm?
- Kontinwite pwogram
- Elèv ki Andikape
- Kritè pou Elèv k ap Aprann Angle sòti nan pwogram ki fèt pou yo a
- Entèvansyon ak sipò pou Elèv k ap Aprann Angle
- Sèvis pou Elèv ki sòti nan pwogram ki fèt pou Elèv k ap aprann Angle
- Kondisyon pou elèv rive gen diplòm
- Devlopman Pwofesyonèl ak Lisans
- Obligasyon Distri Eskolè yo genyen pou yo Planifye ak pou yo bay Rapò sou elèv

Tout Elèv Reyisi ESSA

Lwa Tout Elèv Reyisi (Every Student Succeeds Act (ESSA) ann angle), se yon lwa ki dekri kijan Eta yo kapab itilize lajan yo resevwa nan men gouvènman federal la pou sipòte lekòl piblik yo. Nan mwa janvye 2018, gouvènman federal la te apwouve yon plan pou Eta Nouyòk depanse apeprè \$1.6 milya dola eta a resevwa chak ane nan ESSA.

Gade feyè sou:

[Fact Sheet for Parents:
New York State's New Accountability System](#)

TOUT ELÈV REYISI ESSA

An 1965 yo te apwouve Lwa sou Ansèyman Primè ak segondè (ESEA) pou asire tout elèv Ozetazini resevwa bon jan kalite edikasyon. Nan ane 2002-2015, Lwa 2001 an Pa Kite Okenn Timoun Ret Dèyè (NCLB) te an vigè. An 2015, **ESSA** ranplase NCLB. Nouvo Lwa sa a **ESSA** tabli règleman epi mande pou eta yo rann distri eskolè yo ak lekòl yo responsab pou ansèyman tout elèv sòti jadendanfan rive 12yèm ane. Yo esplike kijan eta yo ka itilize lajan federal pou sipòte lekòl piblik yo.

(See NYSED ESSA Fact Sheet for Parents)

<http://www.nysed.gov/common/nysed/files/programs/essa/essa-fact-sheet-parents.pdf>

TOUT ELÈV REYISI ESSA

Eta Nouyòk valorize yon Edikasyon byen ekilibre pou tout elèv.

SISTÈM RESPONSABILITE A

EVERY STUDENT IS A MEMBER OF 1ST INDICATOR AND IS ALSO ONE OF 2-7

1. Tout Elèv
2. Endyen Ameriken / Natif Alaska
3. Nwa / Afwoameriken
4. Panyòl / Latino
5. Azyatik/Natif Awayi/
Lòt natif Zile Pasifik
6. Blan
7. Milat
8. Elèv k ap Aprann Angle
9. Elèv ki Andikape
10. Elèv ki Ekonomikman Defavorize

TOUT ELÈV REYISI ESSA

- Chak ane lekòl ak distri eskolè yo ap resevwa yon evalyasyon baze sou sèt (7) endikatè sa yo:
- 1. Siksè Akademik elèv la
- 2. Devlopman elèv la
- 3. Pwogrè Akademik
- 4. Pousantaj elèv ki diplome
- 5. Konpetans nan Lang Angle
- 6. Absans Kwonik (absan 18 jou oswa plis)
- 7. Preparasyon pou Kolèj, Karyè ak angajman Sivik

N.B.: Pou chak endikatè sa yo chak lekòl ap resevwa nòt 1 jiska 4, baze sou pèfòmans chak sou-gwoup elèv yo.

TOUT ELÈV REYISI ESSA

- **Eta Nouyòk ap idantifye lekòl ki bezwen sipò ak plis atansyon baze sou diferan resous y ap bay lekòl sa yo. Lekòl sa yo ap tonbe nan youn nan kat kategori sa yo:**
 - **Recognition Schools:** a school that is high performing or rapidly improving, as determined by the Commissioner
 - **Lekòl k ap fonksyone byen:** lekòl ki gen Sipò ak Amelyorasyon sible (TSI) oswa lekòl ki gen Sipò ak Amelyorasyon konplè (CSI)
 - **Target Supported and Improvement (TSI) Schools:** schools with sub-groups that are among the lowest performing
 - **Comprehensive Support and Improvement (CSI) Schools:** schools in the bottom 5% of all schools. A school with low overall performances for the All Students group, a graduation rate below 67%, or a school with low performing subgroups that have not improved.

DEKLARASYON DWA PARAN POU ELÈV K AP APRANN ANGLE NAN ETA NOUYÒK

Ak Estrateji Pou Asire Dwa sa yo

(See Handout)

1. Pale ak Pwofesè pitit ou, pwofesè Angle kòm Nouvo Lang/Pwofesè Pwogram Bileng (ENL/Bilingual teacher), konseye lekòl la, elatriye.
2. Pale avèk Kowòdinatè pwogram pou Elèv k ap Aprann Angle
3. Pale avèk Asistan Direktè lekòl la
4. Pale avèk Direktè lekòl la
5. Rele liy dirèk nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la pou Paran Elèv k ap Aprann Angle nan **1-800-469-8224** oswa ekri: New York State

Education Department Office of Bilingual Education and World Languages

55 Hanson Place, Room 594 Brooklyn, NY 11217

DEKLARASYON DWA PARAN POU ELÈV K AP APRANN ANGLE NAN ETA NOUYÒK

1. Nou gen dwa pou pitit nou resevwa edikasyon piblik gratis nan distri eskolè kote nou rete a, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon nou osnon pitit nou (kit nou te sitwayen, kit nou te gen rezidans osnon pa gen papye), kèlkeswa lang noumenm oswa pitit nou pale.
2. Nou gen dwa pou nou enskri pitit nou nan lekòl san yo pa mande nou pou nou bay enfòmasyon oswa dokimantasyon ki ka revele sitiyaasyon imigrasyon nou osnon pitit ou. Yo pa gen dwa mande nou pou nou bay kat oswa nimewo sekirite sosyal, viza oswa sitiyaasyon viza, dokiman oswa sitiyaasyon sitwayènte
3. Nou gen dwa selon lalwa federal pou nou gen yon entèprèt/tradiktè ki kalifye nan lang nou pi alèz la lè n ap fè kominikasyon enpòtan avèk distri eskolè a.

DEKLARASYON DWA PARAN POU ELÈV K AP APRANN ANGLE NAN ETA NOUYÒK

4. Nou gen dwa pou pitit nou nan yon pwogram Edikasyon Bileng (BE, ann angle) depi gen omwen 20 elèv nan menm klas avèk li e ki pale menm lang avèk li. [1]

5. Nou gen dwa pou nou resevwa, ann angle ak nan lang pa nou, anons ak komunikasyon ki fè nou konnen yo idantifye pitit nou kòm elèv ki ap aprann angle, e y ap mete l nan yon pwogram bileng oswa yon pwogram angle kòm nouvo lang (yo te konn rele angle kòm dezyèm lang). [2]

6. Nou gen dwa pou nou resevwa bon jan sesyon oryantasyon distri eskòlè a òganize pou yo pale de estanda Eta Nouyòk yo, egzamen, atant lekòl la pou elèv ki po ko maton nan angle yo ansanm avèk objektif ak egzijans pwogram lan pou Edikasyon Bileng ak Angle kòm Nouvo Lang. Oryantasyon sa a dwe fèt anvan yo plase elèv la toutbon nan yon pwogram, e li dwe fèt nan lang nou konprann pi byen an.

DEKLARASYON DWA PARAN POU ELÈV K AP APRANN ANGLE NAN ETA NOUYÒK

7. Nou gen dwa pou nou resevwa enfòmasyon konsènan jan pitit nou ap devlope nan lang angle a, ak jan y ap devlope tou nan lang natif-natal yo si yo nan pwogram bileng.

8. Nou gen dwa pou nou rankontre ak pèsonèl lekòl la omwens on fwa pa ane, san konte lòt reyinyon yo oblije fè avèk nou paran yo pou pale nou de pwogrè jeneral ak devlopman langaj pitit nou.

9. Nou gen dwa pou yo plase pitit nou nan on pwogram bileng oswa nan on pwogram angle kòm nouvo lang pandan 10 jou pou pi plis, apre nou fin enskri pitit nou, epi nou gen dwa pou nou chwazi retire pitit nou nan pwogram bileng nan. Pitit nou dwe resevwa omwens ansèyman angle kòm nouvo lang.

10. Nou gen dwa pou pitit nou transfere nan lòt lekòl nan distri eskolè a ki ofri edikasyon bileng nan lang natifnatal pitit ou, si lekòl kote yo te mete l la pa gen pwogram lan.

DEKLARASYON DWA PARAN POU ELÈV K AP APRANN ANGLE NAN ETA NOUYÒK

11. Nou gen dwa pou pitit nou, gen aksè a tout pwogram e sèvis distri eskolè a ofri, menm jan ak tout lòt timoun, dèje pwogram ak sèvis sa yo apwopriye pou laj ak nivo klas pitit ou. Sa vle di pwogram ak sèvis ki ede pitit ou pran diplòm li ansanm ak tout lòt pwogram ki disposnib pou tout elèv.

12. Nou gen dwa pou pitit nou resevwa ansèyman nan tout matyè fondamantal yo, e pou yo aprann angle ak lòt sijè tankou Lekti/ Lang ak Literati, Matematik, Syans ak Syans Sosyal, nan menm nivo akademik ak tout lòt elèv ki nan nivo klas yo. Paske yon elèv nan pwogram pou elèv k ap aprann angle, pa vle di elèv la limite, e li pa kapab matyè fondamantal yo.

13. Nou gen dwa pou pitit nou gen aksè total nan tout aktivite ki pa nan pwogram akademik lekò la tankou (pwogram apre lekòl, espò, elatriye). Paske yon elèv ap resevwa sèvis kòm elèv ki ap aprann angle, sa pa vle di li pa kapab patisipe nan aktivite apre lekòl.

14. Nou gen dwa pou pitit nou gen sèvis sipò (tankou Sèvis Entèkansyon Akademik) ansann ak lòt sipò nenpòt plan entèkansyon distri eskolè a mete pou tout elèv

DEKLARASYON DWA PARAN POU ELÈV K AP APRANN ANGLE NAN ETA NOUYÒK

15. Nou gen dwa pou pitit nou pran yon egzamen chak ane pou detèmine pwogrè li fè nan lang angle a, e pou nou resevwa enfòmasyon sou pèfòmans akademik pitit ou nan tout egzamen li pran, menm egzamen Leta Nouyòk yo.

16. Nou gen dwa pou pitit nou kontinye enskri chak ane nan pwogram bileng oswa pwogram angle kòm nouvo Lang nan depi yo kontinye idantifye yo kòm elèv ap aprann angle.

17. Nou gen dwa pou nou kontakte Biwo Edikasyon Bileng ak Lang an Jeneral nan Depatman Edikasyon Leta Nouyòk la, si yo vyole nenpòt nan dwa ki dekri pi wo yo.

Kontwole Sèvis Pitit Nou Resevwa

- **Lekòl:** Lè w ap chwazi yon lekòl
- **Pwogram:** Bileng nan de (2) Lang (DL ann angle), Pwogram Edikasyon Bileng Tranzisyon (TBE ann angle), Pwogram angle Kòm Nouvo Lang (ENL ann angle).
- **Orè pou pitit ou:** Èske pitit ou ap suiv kou ke Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la preskri?
- **Ansèyman / Devwa lakay:** Èske devwa lakay difisil pou li?
- **Rapò lekòl la dwe bay paran:** Rezilta egzamen, Lèt Plasman, Reyinyon Oryantasyon, Kanè, Anons Pwofesè yo
- **Rezilta egzamen, Nivo Konpetans elèv la:** Èske ou konnen nivo konpetans pitit ou? Èske w konnen rezilta pitit ou nan egzamen Leta Nouyòk bay la? Kisa sa nivo konpetans pitit ou a vle di? Ki sa rezilta pitit ou a nan egzamen Leta Nouyòk yo vle di?

Kontwole Sèvis Pitit Nou Resevwa

Gade Nivo Konpetans nan Angle (gade tablo ki anba a)

- Debitan (Antre)
- Emèjans (Entèmedyè Fèb)
- Tranzisyon (Entèmedyè)
- Ekpansyon (Avanse) (elèv kapab soti nan pwogram ki fèt pou elèv k ap aprann angle si li fè nòt 3 oswa 4 nan Lang e Literati Angle (ELA) ak nòt 65 ou plis nan Egzamen Ridjens angle nan menm ane an)
- Metriz (Konpetan) (Elèv sa yo pa nan pwogram angle kòm nouvo lang lan ankò. Men, yo gen dwa resevwa sèvis pou kontinye sipòte yo nan angle pandan 2 zan ankò)

KRITÈ POU SÒTI NAN PWOGRAM ANGLE KÒM DEZYÈM LANG LAN

OPSYON 1 –

Pitit ou fè nòt nivo Konpetan/nivo Metriz nan Egzamen Eta Nouyòk la pou Evalye Elèv K ap Aprann Angle Kòm Dezyèm Lang (NYSESLAT)

OPSYON 2 –

Pitit ou fè nòt nivo Avanse/nivo Ekspansyon nan Egzamen Eta Nouyòk la pou Evalye Elèv K ap Aprann Angle Kòm Dezyèm Lang (NYSESLAT)

-ak-

- Li fè Nòt 3 oswa plis nan Egzamen Eta Nouyòk nan Lang e Literi Angle (ELA) nan menm ane a oswa
- Li fè Nòt 65 oswa plis nan Egzamen Ridjens Angle a

[154-2.3(m)(1)(ii)]

KRITÈ POU PWOGRAM ENL (3 - 8)

KONPETANS NYSESLAT	ELA	MATH	REZOLISYON
NYSESLAT: CM	ELA: 2	MATH: 3	
NYSESLAT: EX	ELA: 2	MATH: 3	
NYSESLAT: EX	ELA: 3	MATH: 2	
NYSESLAT: TR	ELA: 3	MATH: 4	
NYSESLAT CM in 2017	ELA: 2	MATH: 2	
NYSESLAT: EM	ELA: 2	MATH: 4	
NYSESLAT: EN	ELA: 2	MATH: 4	

KRITÈ POU PWOGRAM ENL (9 - 12)

KONPETANS NYSESLAT	REGENTS	REGENTS	REZOLISYON
NYSESLAT: CM	ELA \leq 65	MATH \geq 65	
NYSESLAT: EX	ELA \leq 65	MATH \geq 65	
NYSESLAT: EX	ELA \geq 65	MATH \leq 65	
NYSESLAT: TR	ELA \geq 65	MATH \geq 65	
NYSESLAT CM in 2017	ELA \leq 65	MATH \leq 65	
NYSESLAT: EM	ELA \geq 65	MATH \geq 65	
NYSESLAT: EN	ELA \leq 65	MATH \geq 65	

KRITÈ POU PWOGRAM ENL (3 - 8)

KONPETANS NYSESLAT	ELA	MATH	REZOLISYON
NYSESLAT: CM	ELA: 2	MATH: 3	EXIT & 90 min ENL/sèmen pou 2 an
NYSESLAT: EX	ELA: 2	MATH: 3	Wi. Kalifye pou sèvis ENL
NYSESLAT: EX	ELA: 3	MATH: 2	EXIT & 90 min ENL/sèmen pou 2 an
NYSESLAT: TR	ELA: 3	MATH: 4	Wi. Kalifye pou sèvis ENL
NYSESLAT CM in 2017	ELA: 2	MATH: 2	Non. Pa bezwen ENL Sèvis
NYSESLAT: EM	ELA: 2	MATH: 4	Wi. Kalifye pou sèvis ENL
NYSESLAT: EN	ELA: 2	MATH: 4	Wi. Kalifye pou sèvis ENL

KRITÈ POU PWOGRAM ENL (9 - 12)

KONPETANS NYSESLAT	REGENTS	REGENTS	REZOLISYON
NYSESLAT: CM	ELA \leq 65	MATH \geq 65	EXIT & 90 min. ENL/Semèn pou 2 an
NYSESLAT: EX	ELA \leq 65	MATH \geq 65	Wi. Kalifye pou sèvis ENL
NYSESLAT: EX	ELA \geq 65	MATH \leq 65	EXIT & 90 min ENL/Semèn pou 2 an
NYSESLAT: TR	ELA \geq 65	MATH \geq 65	Wi. Kalifye pou sèvis ENL
NYSESLAT CM in 2017	ELA \leq 65	MATH \leq 65	No. Pa bezwen Sèvis ENL
NYSESLAT: EM	ELA \geq 65	MATH \geq 65	Wi. Kalifye pou sèvis ENL
NYSESLAT: EN	ELA \leq 65	MATH \geq 65	Wi. Kalifye pou sèvis ENL

NYSESLAT Scores and Exit Criteria GRADES 3-8

■ NYSESLAT: Commanding	ELA: 2	MATH: 3	EXIT & qualify for 90 of ENL per week for 2 years
■ NYSESLAT: Expanding	ELA: 3	MATH: 2	EXIT & qualify for 90 min of ENL per week for 2 years
■ NYSESLAT: Expanding	ELA: 2	MATH: 3	ENL SERVICES
■ NYSESLAT: TRANSITIONING	ELA: 3	MATH: 4	ENL SERVICES
■ NYSESLAT: EMERGING	ELA: 2	MATH: 4	ENL SERVICES
■ NYSESLAT: EMTERING	ELA: 2	MATH: 4	ENL SERVICES
■ NYSESLAT (EXIT 2 years ago)	ELA 2	Math: 2	NO ENL SERVICES

NYSESLAT Scores and Exit Criteria

GRADES 9-12

- NYSESLAT: Commanding ELA Regents ≤ 65 MATH ≤ 65 EXIT & qualify for 90 of ENL per week for 2 years
- NYSESLAT: Expanding ELA Regents ≥ 65 MATH ≤ 65 EXIT & qualify for 90 min of ENL per week for 2 years
- NYSESLAT: Expanding ELA Regents ≤ 65 MATH ≥ 65 ENL SERVICES
- NYSESLAT: Transitioning ELA Regents ≥ 65 MATH ≥ 65 ENL SERVICES
- NYSESLAT: Emerging ELA Regents ≥ 65 MATH ≥ 65 ENL SERVICES
- NYSESLAT: Entering ELA Regents ≥ 65 MATH ≥ 65 ENL SERVICES
- NYSESLAT (EXIT 2 years ago) ELA Regents ≤ 65 MATH ≤ 65 NO ENL SERVICES

Siveye Sèvis pitit ou resevwa nan Lekòl li

- Kontakte pwofesè pitit ou e mande l ki ladrès ki pi difisil pou pitit ou aprann nan klas.
- Si li apwopriye, chèche wè avèk konseye nan lekòl pitit ou pou diskite diferan fason ou ka ede pitit ou pou li reyisi.
- Diskite rezilta egzamen NYSESLAT la(debitan, entèmedyè fèb, entèmedyè, avanse, ak konpetan). NYSESLAT la se yon egzamen ki teste konpetans elèv k ap aprann angle yo chak fen d ane. Poze kesyon sou sèvis yo ap bay pitit ou k ap aprann angle kòm nouvo lang.
- Mande lekòl la ki jan pou resevwa enfòmasyon sou pwogrè pitit ou ap fè.

Sipèvize / Patisipe Nan Edikasyon Pitit Ou

- Li pou pitit ou nan lang matènè li/ lang ou pale lakay ou / oswa ann angle. Rechèch demontre lè ou li pou pitit ou nan lang ou pale lakay ou, sa ede li devlope ladrès nan lang angle a pi fasilman.
- Rakonte pitit ou istwa nan lang ou pale lakay ou. Rakonte l sou lè ou te timoun oubyen sou sa ou sonje lè ou te piti.
- Montre pitit ou jan w apresye lang matènèl ou / lang ou pale lakay ou. Pale ak li nan lang sa a menm si li reponn ou ann angle.
- Pran yon kat bibliyotèk pou pitit ou, konsa ou ka al prete liv nan bibliyotèk. Ou ka prete liv ann angle oswa nan lang matènèl ou. Si bibliyotèk la pagen liv nan lang matènèl ou, ou gen dwa mande yo pou yo kòmande liv nan lang sa a.
- Toujou ale nan reyinyon paran ak pwofesè yo nan lekòl pitit ou.

Sipèvize/Sipòte Pwogrè Pitit ou ap fè Lakay ou

- Pran randevou ak pwofesè pitit ou pou ou jwenn enfòmasyon sou ki jan ou kapab ede l reyisi lekòl.
- Chak jou, rezève on tan lakay ou pou pitit ou ka fè devwa li e, si posib, chèche yon kote ki trankil pou l travay san distraksyon.
- Planifye pou mennen pitit ou nan mize. Mize yo gen gid ki kapab bay pitit ou enfòmasyon sou ekspozisyon yo. Anplis, mize yo konn ofri klas apre lekòl ak nan wikenn a ba pri oswa gratis.
- Paran fè pati entegral sistèm edikasyon Ozetazini. Mande pwofesè pitit ou ki jan ou kapab patisipe.
- Aprann konnen dwa ou. Tanpri gade ***Deklarasyon Dwa Paran Eta Nouyòk pou Elèv K ap Aprann Angle.***

Sipèvize/Sipòte Pwogrè Pitit ou Lakay ou

Repase travay pitit ou fè nan klas, ak devwa li gen pou l fè lakay pou ka wè ki jan l ap pwogrese.

Pou plis detay, klike sou lyen sa a:

<http://www.nysed.gov/bilingual-ed/guide-parents-english-language-learnersmultilingual-learners-new-york-state>

Sa ou dwe jwenn nan SAKADO pitit ou

Kèk egzanp nan lavi kouran k ap ede pitit ou konprann angle ak matematik pi byen

Devwa matematik pou pitit ou fè lakay ki mande l pou l ekri kijan li rive jwenn repons li yo



Liv ki baze sou imajinasyon ak liv ki baze sou lavi tout bon vre

Travay alekri nan klas kote elèv yo dwe bay prèv olye de opinyon

Devwa matematik ki mande elèv yo pou yo itilize diferan mwayen pou rezoud yon menm pwoblèm

Source: EngageNY

Lekti se baz pou elèv reyisi nan lekòl



Li liv, jounal,
revi ak lòt sous
enfòmasyon

Itilize bibliyotèk ki
nan katye w la

Yon sèl fwa
pa sifi

Mwen li pou
ou, ou li pou
mwen

Paran ka ede
timoun devlope
bon jan abitud nan
lekli



Pran kontwòl
televizyon an

**Kreye yon espas
espesyal lakay ou
pou pitit ou ka li, ekri,
e desine**

**Ede pitit ou
konprann ke lekli
enpòtan**

Kèk kesyon pou poze pitit ou

Èske ou te pale sou sa ou li nan klas Jodi a? Èske ou te bay prèv lè ou te pale sou sa ou te li nan klas la?

Èske ou te aprann nouvo mo vokabilè nan klas Jodi a? Ki sa mo yo te ye? Ki sa yo vle di? Ki jan ou ekri mo sa yo?



Ki jan ou te bay prèv nan lekòl la Jodi a? Ki kote ou te jwenn prèv yo?

Konbyen fwa ou itilize matematik Jodi a? Ki jan ou te itilize li?

Source: EngageNY

PLAN POU SIKSÈ ELÈV K AP APRANN ANGLE (ELLs)

1e Prensip: Tout pwofesè se pwofesè elèv k ap aprann angle e yo dwe planifye kòm sadwa jan yo site pi ba a:

- Yo dwe planifye pou klas yo e enstwi elèv yo yon jan ki rapwoche ak kilti elèv yo, ansanm ak lang matènèl yo
- Yo dwe entegre langaj nan tout matyè yo pou sipòte devlopman langaj elèv yo, e
- Yo dwe kolabore ak konseye, sikològ ak travayè sosyal nan lekòl la ansanm ak moun k ap travay nan sant kominotè yo pou rezoud diferan pwoblèm elèv k ap aprann angle yo ap konfwonte.

(See Handout for the 8 Principles)

LIY DIRÈK AK SITWÈB

- Biwo Edikasyon Bileng ak Lang an jeneral nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la deside li nesesè pou paran ak gadyen elèv k ap aprann angle yo gen bon jan enfòmasyon k ap ba yo jarèt pou asire yo ke pitit yo resevwa bon jan sèvis kòm sa dwa.
- Se poutèt sa yo kreye yon liy dirèk pou bay paran ak gadyen elèv yo bon jan enfòmasyon sou dwa ak sèvis pou pitit yo konfòmman ak lwa pou edikasyon elèv k ap aprann angle yo ki rele “Commissioner’s Regulation Part 154”. Liy Dirèk la ofri paran yo kèk estrateji yo ka itilize pou enfòme yo sou dwa pitit yo ak fason lekòl yo dwe bay sèvis.
- Nimewo Pou Liy Dirèk Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la se:
800-469-8224
- **Adrès imèl yo se: nysparenthotline@nyu.edu**

Fason Nou Ka Jwenn Asistans/sipò

Òganizasyon ki ka ba nou sipò:

- Òganizasyon ki defann dwa moun nan edikasyon
- Òganizasyon non komèsyal
- Òganizasyon kominotè
- Depatman sante pou Vil Nouyòk la (vaksen))

(Wè fèy nou ba w yo)

RESOUS

- New York State Education Department: www.nysed.gov
- NYSED Parent Engagement:
<http://www.nysed.gov/common/nysed/files/programs/bilingual-ed/nyc-cbo-list-v7-a.pdf>
- Engage NY www.engagenewyork.org
- New York City Department of Education: www.schools.nyc.gov
- New York State Statewide Language RBE-RN:
steinhardt.nyu.edu/metrocenter/rbern/
- Instructional Materials and Glossaries - Resources - NYU...
steinhardt.nyu.edu/metrocenter/resources/glossaries

Fen Prezantasyon an, diskisyon

- Ki lòt enfòmasyon ki ta kapab ede w?
- Ki lòt kesyon ou genyen?



Thank You

ありがとう

Bedankt

Mèsi

Ευχαριστώ

Merci

धन्यवाद

Hvala

شكراً

謝謝

ขอบคุณ

Grazie

Gracias

감사합니다
[kamsahamnida]

Obrigado!